ku sol sooy fii ci àdduna du ko sol fële ca allaaxira

Jële na ñu ci Ibn Umar -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: "ku sol sooy fii ci àdduna du ko sol fële ca allaaxira"

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day leeral ne góor gu sol sooy fii ci àdduna du ko sol fële ca allaaxira ndeem tuubu ko.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/2986